

## Pa gen eskiz ankò !



## Èske w konnen ?

**Carol :** Bonjou Joan! Kijan w ye?

**Joan :** Mwen byen wi, mèsi. Mwen fèk fè yon mamogram. Ou konnen fòk ou fè youn chak ane yon fwa ou fin gen laj 40 an. Kilè ou te fè youn oumenm ?

**Carol :** Mwen poko non. Mwen konnen fòk mwen fè li, men mwen poko jwenn tan nan travay la pou mwen ale. Travay la twò enpòtan.

**Joan :** Se pa premye fwa ou di m sa, men pa gen lòt bagay ki pi enpòtan pase sante w. Si ou pa fè li pou tèt ou, fè li pou fanmi w.

**Carol :** Koute sa m ap di a Joan, mwen te fè yon mamogram epi li fè m mal. Mwen pa vle fè li ankò.

**Joan :** Mwen panse detwa minit enpòtan pou viv.

**Carol :** Mwen konn sa. Men pou di w vre – mwen pa vle tande pale anyen sou kansè – epi mwen pa menm gen asirans-maladi.

**Joan :** Anon Carol, pa banm lòt eskiz ankò. Li posib pou ou fè yon mamogram gratis oubyen ki pa twò chè.

**Carol :** OK, sa w di a se vre. Li tan pou mwen okipe sa. M ap rele yo jodi a.

- Mamogram se yon radyografi tete epi li pa reprezante okenn danje.
- Menm si pa gen moun nan fanmi ou ki gen kansè, fòk ou toujou fè yon tès.
- Si manman ou, sè w oubyen pitit fi w gen kansè nan tete, pale ak doktè a pou wè k lè ou ka fè tès la oumenm.
- Pwogram lokal yo ka ofri mamogram gratis oubyen ki pa twò chè si ou pa gen asirans-maladi.

Pou yon mamogram  
toupren w, rele :

1.800.227.2345



Get help anytime.

1.800.ACS.2345 / [www.cancer.org](http://www.cancer.org)